

# **Komisyon Revizyon Manman-Lwa Vil New York pou ane 2018 la.**

**Rezime Egzekitif, Pwopozisyon Vòt, ak Abstrè yo**

1 Centre Street, 20<sup>th</sup> Floor  
New York, NY 10007  
(212) 386-5350



## Rezime Egzekitif

Pandan Diskou sou Eta Vil li a ki te fèt nan dat 13 fevriye 2018, Majistra Bill de Blasio te anonse entansyon li pou li nonmen yon Komisyen pou Revizyon Manman-Lwa a. Jou ki te 12 avril la, Majistra a te nonmen Cesar A. Perales kòm Prezidan epi 14 lòt Manm Komisyon distenge ki travay nan diferan domèn. N ap jwenn biyografi manm sa yo nan entwodiksyon Rapò Final la.

Komisyen Revizyon Manman-Lwa a responsab pou egzaminen tout Manman-Lwa Vil New York la, mande piblik la opinyon yo, epi bay yon rapò ki detaye sa yo te jwenn ak rekòmandasyon pou modifye oswa revize Manman-Lwa a. Pou fè travay li, Komisyen an te bay rezidan New York nan divès kominote atravè senk (5) minisipalite yo plizyè opòtinite pou patisipe nan pwosesis sansibilizasyon ak angajman avèk piblik la. Rezidan New York yo pa te fè nou wont: yo te bay divès kalite kòmantè ak ide pou Komisyon an konsidere.

Komisyen an te fè premye rankont piblik li 19 avril epi apresa li te fè yon premye won odyans piblik ki te gen youn (1) nan chak senk (5) minisipalite yo. Komisyen an te kòmanse resevwa - epi li te kontinye resevwa pandan tout pwosesis la- anpil kòmantè, ki gen ladan nan plizyè lang, nan imèl, lèt sou papye, telefòn, rezo sosyo yo, ak sou sitwèb li a. Manm pèsonèl Komisyen an te rankontre ak reprezantan nan plizyè òganizasyon, gwoup k ap plede pou kòz moun, ak gwoup bon gouvènans, ajans Minisipal, ofisyèl eli, ak Manm Komisyon yo ak manm pèsonèl ansyen komisyon yo.

Pifò nan kòmantè yo te tonbe nan senk (5) domèn politik jeneral: eleksyon minisipal, finansman kanpay, angajman sivik, komite kominotè, ak pwosesis dekoupaj distri a. Se konsa, nan rankont 31 me li an, Komisyen an te pase yon rezolisyon pou mande manm pèsonèl la pou planifye fowòm sou kesyon yo pou tandem sa ekspè ak pwofesyonèl yo panse sou sijè espesifik yo. Yo te fè fowòm sou kesyon yo nan dat 12 jen sou vòt ak eleksyon, 14 jen sou finansman kanpay, 19 jen sou komite kominotè ak itilizasyon teren, epi 21 jen sou angajman sivik ak dekoupaj distri.

Manm komisyon yo ak manm pèsonèl la te pwograme evènman pou sansibilize rezidan New York yo nan kominote yo. Komisyen te tandem elèv nan Bay Ridge's P.S. 264, manm kominote nan Queens Library nan Jackson Heights, prèske yon santèn veteran nan yon evènman NYC Veterans Alliance ak FDNY American Legion Post 930 te òganize, ak manm piblik la nan Grand Army Plaza GrowNYC nan Greenmarket.

Apre premye seri odyans, fowòm, ak evènman yo, manm pèsonèl la te pibliye Rapò Manm Pèsonèl Preliminè ane 2018 la 17 jiyè. Rapò a te konsantre sou domèn Komisyen an te mennen ankèt yo - finansman kanpay, eleksyon minisipal, angajman sivik, komite kominotè, pwosesis dekoupaj distri a, ak tèm ak pwopozisyon nan men ajans Minisipal yo - ansanm ak sijè piblik la te prezante men yon manm dwe rezève pou konsidere pita. Apresa te gen yon seri senk (5) odyans piblik ankò, youn (1) nan chak nan senk (5) minisipalite yo, pou mande piblik la kòmantè konsènan rapò a. Manm komisyon yo ak manm pèsonèl la te koute piblik

la nan yon asanble lokal sou televizyon ki te gen 4,000 moun ki t ap koute, yon asanble lokal sou Twitter, yon chita reflechi nan St. George Greenmarket nan Staten Island, yon chita reflechi ak elèv nan Pwogram Travay Dete pou Jenn Moun nan Vil New York.

Nan rankont 14 out li a, Komisyon an te pase yon rezolisyón ki mande pou manm pèsonèl la prepare yon rapò final, kesyon vòt, ak abstrè ki reflete pwopozisyon ki konsantre sou finans kanpay, angajman sivik, komite kominotè, ak aksè nan lang, ak pou rekòmande pou yon Komisyon Revizyon Manman-Lwa oswa kò lejislatif konsidere plis pwopozisyon.

Apre yo fin pran san yo pou egzaminen tout bagay epi konsidere dosye a, yo pral prezante modifikasyon Komisyon an te pwopoze nan Manman-Lwa a bay elektè yo nan eleksyon jeneral novanm 2018 la. W ap jwenn plis detay sou modifikasyon yo pwopoze yo nan abstrè ki pral vini ak kesyon vòt yo, ak nan Rapò Final la.

## Finansman Kanpay

Komisyon an pwopoze pou modifye sistèm finansman kanpay Vil la pou abòde aparans koripsyon pèsistan ki asosye ak gwo kontribisyon pou kanpay, bay plis avantaj pou kanpay yo ka al dèyè donatè ki bay pi piti don, epi kreye plis opòtinite pou kandida yo ka fè divès kalite kapay san yo pa bezwen konte sou donatè ki bay gwo kòb yo.

Si elektè yo adopte li, modifikasyon sa yo t ap:

### **Bese limit sou kontribisyon yo pou yo vin pi ba toujou pou biwo Minisipal eli yo.**

Maksimòm montan total pou yon kandida k ap patisipe (sètadi, yon kandida ki chwazi patisipe nan pwogram finansman publik Vil la) kapab aksepte nan men yon kontribitè pou chak sik eleksyon t ap bese de \$5,100 a \$2,000, pou kandida pou Majistra, Defansè Publik, oswa Kontwolè; de \$3,950 a \$1,500, pou kandida pou Prezidan Minisipal; epi de \$2,850 a \$1,000 pou kandida pou Konsèy Minisipal la. Maksimòm kontribisyon total pou yon kandida ki p ap patisipe (sètadi, yon kandida ki pa patisipe nan pwogram finansman publik Vil la) t ap bese de \$5,100 a \$3,500, pou kandida pou Majistra, Defansè Publik, oswa Kontwolè; de \$3,950 a \$2,500, pou kandida pou Prezidan Minisipal; epi de \$2,850 a \$1,500 pou kandida pou Konsèy Minisipal la.

**Ranfòse fon konplemantè ti dola pou kandida k ap patisipe nan pwogram finansman publik Vil la.** Kounye a, kandida k ap patisipe yo, ki satisfè sèten limit ki kalifye, kalifye pou resevwa fon konplemantè sou yo to \$6 nan fon publik pou chak \$1 nan kontribisyon konplemantè, jiska premye \$175 pa kontribitè a. Modifikasyon yo pwopoze nan Manman-Lwa a t ap ogmante kontribisyon konplemantè a pou li \$8 nan fon publik pou chak \$1 nan kontribisyon prive yo ka konplete, jiska premye \$250 pa kontribitè pou kandida pou posizyon nan tout vil la epi jiska \$175 pa kontribitè pou kandida pou Prezidan Minisipal oswa Konsèy Minisipal. Answit, modifikasyon an t ap diminye yon egzijans pou kandida pou Majistra, Kontwolè, oswa Defansè yo dwe satisfè pou kalifye pou finansman konplemantè.

**Ogmante kantite total fon konplemantè ki disponib pou kandida sa yo.** Modifikasyon yo pwopoze a t ap ogmante limit sou montan total fon konplemantè yo kandida k ap patisipe kapab resevwa, pa eleksyon, de 55% a 75% sou limit depans pou pozisyon li kandida a.

**Kite kandida sa yo jwenn aksè nan fon konplemantè pi bonè nan ane elektoral an.**

Selon lwa ki genyen kounye a, kandida k ap patisipe ki satisfè limit pou kalifye pou resevwa fon publik yo ("kandida ki kalifye") ap kalifye pou yon premye ti debousman fon publik nan mwa jen ane elektoral an. Y ap debouse pifò nan fon publik yo sèlman de (2) semèn apre yo fin ranpli bilten vòt prensipal yo, ki fèt jeneralman nan kòmansman mwa out ane elektoral la, aperèr senk (5) a sis (6) semèn avan eleksyon primè a. Modifikasyon yo pwopoze yo pral pèmèt kandida ki kalifye yo resevwa fon konplemantè yo nan mwa fevriye ak avril ane elektoral la, an plis mwa jen, out, ak pi devan, epi yo t ap retire limit sou lajan yo lè y ap distribye fon avan mwa out yo. Sepandan, pou resevwa nenpòt debousman fon publik avan out ane elektoral la, kandida ki kalifye yo t ap bezwen verifye yo bezwen lajan an epi montre yo gen yon vrè advèsè oswa yo kont yon advèsè yo deja idantifye nan yon eleksyon.

Apre yo fin pran san yo pou egzaminen tout bagay epi konsidere dosye a, yo pral prezante modifikasyon Komisyon an te pwopoze nan Manman-Lwa a bay elektè yo nan eleksyon jeneral novanm 2018 la. W ap jwenn plis detay sou modifikasyon yo pwopoze yo nan abstrè ki pral vini ak kesyon vòt yo, ak nan Rapò Final la.

## Angajman Sivik

Komisyon an pwopoze pou etabli Komisyon pou Angajman Sivik la, yon nouvo pati Manman-Lwa a t ap travay pou amelyore patisipasyon sivik ak bay demokrasi jarèt nan Vil New York. Komisyon pou Angajman Sivik la t ap gen 15 manm; uit (8) Majistra a ap nome, epi k ap gen omwen yon (1) manm nan pi gwo pati politik la epi omwen yon (1) manm nan dezyèm pi gwo pati politik la; de (2) Repräsentant Konsèy Minisipal la ap nome; epi youn (1) chak Prezidan Minisipal ap nome. Majistra a t ap nome yon Prezidan pami moun li nome yo, ki t ap Direktè Egzekitif la epi ki t ap responsab pou òganize ak anboche moun pou travay nan biwo a.

Komisyon pou Angajman Sivik la t ap gen otorizasyon ak responsabilite pou mete anplas yon pwogram bidjè patisipatif pou tout Vil la Majistra a etabli, pa pita pase Ane Fiskal Minisipal la kòmanse 1ye jiyè 2020; etabli yon pwogram pou mete entèprt lang nan tout biwo vòt Vil New York yo, pou mete anplas pou eleksyon jeneral 2020 a; kore ak asosye avèk òganizasyon kominotè, enstitisyon, ak lidè lokal nan sektè publik ak prive yo nan efò angajman sivik yo; konsidere bezwen moun nan New York ki pa pale angle byen yo lè y ap devlope pwogram ak sèvis yo ak lè y ap mete yo anplas; epi asosye ak ajans Minisipal yo pou fè plis moun konnen ak jwenn aksè nan sèvis Vil la epi ede yo pwomouvwa ak santralize inisyativ pou angajman sivik yo, epi devlope estrateji pou santralize enfòmasyon publik sou opòtinite pou angajman sivik.

Majistra a t ap gen otorizasyon pou transfere bay Komisyon an, ak lòd egzekitif, nenpòt pouvwa ak responsabilite Meri a ak nenpòt depatman se Majistra ki te nome moun ki antèt li ki gen pou wè ak sa.

Finalman, Komisyon pou Angajman Sivik la t ap oblige bay yon rapò chak ane sou bidjè patisipatif, èd ak lang nan biwo vòt yo, ak nenpòt lòt enfòmasyon yo twouye enpòtan.

Yo t ap mete modifikasyon sa yo an plas 1ye avril 2019.

## Komite Kominotè

Komisyon an pwopoze modifikasyon sa yo nan Manman-Lwa a, pou ede komite kominotè yo plis sanble ak komite yo reprezante yo epi reprezante yo pi byen:

**Limit sou Manda.** Komisyon an pwopoze limit sou manda manm kominote kominotè yo, k ap sèvi manda de (2) zan kounye a san limit, pou kreye opòtinité pou gen nouvo vwa ak lidè nan tout komite kominotè yo. Manm yo nome oswa re-nome 1ye avril 2019 oswa apre sa t ap ka sèvi sèlman kat (4) manda de (2) zan youn apre lòt. Men, manm yo nome oswa re-nome pou yon manda k ap kòmanse 1ye avril 2020, ak ap re-nome pou jiska senk (5) manda de (2) zan youn apre lòt, pou evite gen twòp manm komite kominotè nan ane 2027 ak 2028. Nominasyon ki fèt pou manda k ap kòmanse apre 1ye avril 2020 yo t ap gen yon limit kat (4) manda de (2) zan youn apre lòt. Limit sou manda sa yo t ap sèlman pou sa k ap vini pi devan yo; manda yo sèvi avan 1ye avril 2019, oswa 1ye avril 2020, pa t ap konte pou limit sou manda ki kòmanse nan dat sa yo. Yo pa t ap entèdi manm ki te sèvi pou maksimòm kantite manda youn apre lòt yo pou re-nominasyon apre yon (1) peryòd manda konplè yo pa te nan fonksyon.

**Pwosesis nominasyon an.** Komisyon an pwopoze plizyè chanjman ki pou fè pwosesis pou nome nouvo manm komite kominotè yo pi estanda ak transparan epi ankouraje divèsite nan nominasyon yo. Modifikasyon yo pwopoze yo t ap ankouraje Prezidan Minisipal yo chèche moun differan oriin pou nome nan komite kominotè yo epi mete aplikasyon yo disponib sou sitwèb yo. Epitou, pwopozisyon an t ap ajoute nouvo aplikasyon ak egzijans pou bay rapò sou nominasyon sa yo, tankou rapò anyèl ki bay enfòmasyon sou kijan yon moun ka vin manm ak pwosesis rekritman ak seleksyon an.

**Plis resous.** Komisyon an pwopoze pou egzije Komisyon pou Angajman Sivik la, si elektè yo apwouve kreye li, bay komite kominotè yo plis resous, tankou ede yo jwenn pwofesyonèl nan planifikasyon ibèn ak resous ki bay aksè nan lang, pou pèmèt komite yo satisfè responsabilite yo nan Manman-Lwa a pi byen.

Modifikasyon ki gen pou wè ak limit sou manda ak pwosesis nominasyon an t ap anplas 1ye janvye 2019. Modifikasyon ki gen pou wè ak resous Komisyen pou Angajman Sivik la bay yo t ap anplas 1ye avril 2019, men sèlman si elektè yo adopte ni kesyon vòt ki gen pou wè ak komite kominotè yo, ni Komisyen pou Angajman Sivik yo.

## Pwoblèm pou Konsidere Alavni

### **Pwosesis Dekoupaj Distri a**

Komisyen an te resevwa yon kokennchenn kòmantè piblik konsènan pwosesis dekoupaj distri a. Apre chak resansman ki fèt chak dizan yo, Majistra a ak Konsey Minisipal la dwe nonmen yon Komisyen Dekoupaj Distri ak 15 manm pou trase liy distri Konsey Minisipal la pou akomode chanjman nan popilasyon an. Pwojè dekoupaj distri k ap vini an pral pran anvigè an 2023, epi Komisyen an te tande plizyè pwopozisyon ki gen rapò ak liy distri y ap trase yo. Nou ka klase pwopozisyon sa yo nan kat (4) tèm: i) pwomosyon endepandans ak divèsite politik nan pwosesis nominasyon Komisyen Dekoupaj Distri a; ii) asire gen transparans ak patisipasyon piblik la; iii) pwoteje kominote minorite Vil la apre yo te pèdi mekanis otorisasyon davans Lwa Dwa pou Vote a (Voting Rights Act); epi iv) kontrekare ak posiblite pou pa konte ase moun nan Resansman Etazini pou ane 2020 a.

Komisyen an te tande yon temwayaj ki te konven yo pwoblèm sa a bezwen atansyon preseprese. Men, apre yo te pran san yo pou konsidere pwopozisyon piblik la ki anwo a, Komisyen an te detèmine y ap bezwen fè plis rechèch, sansibilizasyon, ak analiz anvan yo rekòmande nenpòt nan pwopozisyon sa yo pou soumèt bay elektè yo. Poutèt temwayaj nou te resevwa nan pwosesis sa a, Komisyen an ap mande Komisyen ki gen alavni yo pou analize pwoblèm nan pou yo kapab prezante yon modifikasyon bay elektè yo ki pral kreye yon pwosesis dekoupaj distri ki jis ak endependan pou tout rezidan New York.

### **Vòt Selon Klasman**

Komisyen an te resevwa yon kokennchenn kòmantè piblik konsènan vòt selon klasman tou. Piblik la ak plizyè ofisyèl eli nan Vil la te mande Komisyen an pou konsidere pwopoze yon modifikasyon nan Manman-Lwa a ki mete anplas vòt selon klasman (ki rele "vòt altènatif" tou), kote yo kite elektè yo klase plizyè kandida sou biltén vòt selon preferans yo.

Apre yo te pran san yo pou konsidere pwopozisyon sa yo, Komisyen an kwè y ap bezwen fè plis rechèch, sansibilizasyon, ak analiz anvan yo rekòmande pwopozisyon sa yo bay elektè yo. Komisyen an rekòmande pou yon Komisyen Revizyon Manman-Lwa oswa lòt kò lejislatif pi devan etidye kesyon enpòtan ak konplèks ki te soti nan reprezantasyon nan demokrasi lokal nou an ak konsidere prezante pwopozisyon vòt oswa pase lwa pou abòde yo alavni.

### **Modènizasyon Eleksyon**

Selon sa ekspè, defansè, ak piblik la te di nou, Komisyón an te detèmine yon fason enpòtan pou ogmante kantite elektè ki gen nan vil la se pou refòme lwa eleksyon Eta regresif yo ki enpoze anpil baryè pou patisipasyon. Komisyón an kore lwa Eta a ak tout fòs nan domèn kaye vòt elektwonik, vòt pa korespondans san eskiz, enskripsyon menm jou a, enskripsyon davans pou timoun 16 a 17 tan, ak senplifikasyon fonksyon Komite Eleksyon Vil New York la.

### **Enkyetid pou Estrikti Gouvènman ak Kominote**

Pou vanse ak manda li pou egzaminen tout Manman-Lwa a, Komisyón an te analize fonksyon ak pwosesis gouvènman Minisipal la ak ekilib pouvwa ant ofisyèl eli Vil la. Answit, Komisyón an te egzaminen sante ak estrikti gouvènman an, yo te gade li selon pèspektiv kominote ak gwoup ki te soumèt kòmantè yo bay Komisyón an. Malgré Komisyón sa a p ap soumèt okenn biltén pwopozisyon sou sijè sa yo, seksyon final rapò sa a pale sou plizyè nan tèm sa yo, si se yon seri gid valab pou Komisyón sa a te kapab evalye Manman-Lwa a.

# Modifikasyon yo Pwopoze nan Manman-Lwa a

## A. Finansman Kanpay

### Kesyon Vòt #1: Finansman Kanpay

Pwopozisyon sa a pral modifye Manman-Lwa Vil la pou bese kantite yon kandida pou yon pozisyon nan Vil la kapab aksepte nan men yon kontribitè. Epitou, li t ap ogmante finansman publik yo itilize pou mete menm kantite sou yon pati nan kontribisyón yon kandida k ap patisipe nan pwogram finansman publik Vil la te resevwa.

An plis, pwopozisyon an t ap fè finansman konplemantè yo disponib pou bonè pandan ane elektoral an pou kandida k ap patisipe yo kapab demontre bezwen yo pou finansman an. Epitou, li t ap diminye yon egzijans pou kandida pou Majistra, Kontwolè, oswa Defansè yo dwe satisfè pou kalifye pou finansman konplemantè.

Modifikasyon sa yo t ap aplike pou kandida k ap patisipe epi ki chwazi pou fè chanjman yo aplike nan kòmansman kanpay yo ak eleksyon primè ane 2021 an, epi apresa li t ap aplike pou tout kandida nan kòmansman ane 2022 a.

Èske nou ta dwe adopte pwopozisyon sa a?

### Abstrè

Pwopozisyon sa a pral modifye Manman-Lwa Vil la pou bese kantite yon kandida pou yon pozisyon nan Vil la kapab aksepte nan men yon kontribitè. Epitou, li t ap ogmante finansman publik yo itilize pou mete menm kantite sou yon pati nan kontribisyón yon kandida k ap patisipe nan pwogram finansman publik Vil la te resevwa. An plis, pwopozisyon an t ap fè finansman konplemantè yo disponib pou bonè pandan ane elektoral an pou kandida k ap patisipe yo kapab demontre bezwen yo pou finansman an. Epitou, li t ap diminye yon egzijans pou kandida pou Majistra, Kontwolè, oswa Defansè yo dwe satisfè pou kalifye pou finansman konplemantè.

**Limit sou Kontribisyón.** Kounye a, maksimòm total yon kandida kapab aksepte nan men yon kontribitè chak sik eleksyon (ak eleksyon primè ak jeneral la) se (a) \$5,100 pou kandida pou Majistra, Defansè Piblik, oswa Kontwolè ("Pozisyon nan tout vil la"); (b) \$3,950 pou kandida

pou Prezidan Minisipal; ak (c) \$2,850 pou kandida pou Konsèy Minisipal la. Limit sa a aplike pou kandida yo ki chwazi patisipe nan pwogram finansman an ("kandida k ap patisipe yo") ak pou sa ki pa p ap patisipe ("kandida ki p ap patisipe yo") epi endekse sou enflasyon.

Nan modifikasyon Manman-Lwa ki pwopoze yo, limit sou kontribisyon sa yo t ap bese. Maksimòm montan total pou yon kandida k ap patisipe kapab aksepte nan men yon kontribitè pou chak sik elekson t ap \$2,000, pou kandida pou Majistra, Defansè Piblik, oswa Kontwolè; \$1,500, pou kandida pou Prezidan Minisipal; \$1,000 pou kandida pou Konsèy Minisipal la. Maksimòm total yon kandida ki p ap patisipe kapab aksepte nan men yon kontribitè chak sik elekson t ap \$3,500 pou kandida pou Majistra, Defansè Piblik, oswa Kontwolè; \$2,500 pou kandida pou Prezidan Minisipal; ak \$1,500 pou kandida pou Konsèy Minisipal la. Limit sou kontribisyon yo pwopoze pou kandida k ap patisipe yo pi ba pase kandida ki p ap patisipe yo paske se sèlman *kandida k ap patisipe yo* ki kalifye pou resevwa fon konplemantè. Modifikasyon ki pwopoze yo pa t ap chanje entèdiksyon ak limit ki genyen yo selon idantite kontribitè yo, ki gen ladan entèdiksyon sou kontribisyon nan men kòporasyon, LLC, ak patenarya yo, ak limit sou kontribisyon nan men moun k ap fè lòbi ak sa yo k ap fè biznis nan Vil la. An plis, tout limit sou kontribisyon yo t ap kontinye endekse sou enflasyon.

Pozisyon	Limit Kounye a	Limit yo Pwopoze (Kandida k ap Patisipe)	Limit yo Pwopoze (Kandida ki p ap Patisipe)
Pozisyon nan tout Vil la	\$5,100	\$2,000	\$3,500
Prezidan Minisipal	\$3,950	\$1,500	\$2,500
Konsèy Minisipal	\$2,850	\$1,000	\$1,500

**Fòmil Fon Konplemantè Piblik la.** Kounye a, kandida k ap patisipe yo, ki satisfè sèten limit ki kalifye, kalifye pou resevwa fon konplemantè sou yo to \$6 nan fon piblik pou chak \$1 nan kontribisyon konplemantè, jiska premye \$175 pa kontribitè a. Donk, yon kontribisyon \$500 ap konplete ak \$1,050 nan fon piblik ( $6 \times \$175$ ), epi kandida a ap gen yon total \$1,550.

Ak modifikasyon yo pwopoze nan Manman-Lwa, fon konplemantè a t ap ogmante a \$8 nan fon piblik pou chak \$1 nan kontribisyon prive yo ka konplete, jiska premye \$250 pa kontribitè pou kandida pou posizyon nan tout vil la epi jiska \$175 pa kontribitè pou kandida pou Prezidan Minisipal oswa Konsèy Minisipal. Donk, yon kontribisyon \$500 pou yon kandida pou yon pozisyon nan Vil la t ap konplete ak \$2,000 nan fon piblik ( $8 \times \$250$ ), epi kandida a t ap gen \$2,500, epi yon kontribisyon \$500 pou yon kandida pou Prezidan Minisipal oswa Konsèy Minisipal t ap konplete ak \$1,400 ( $8 \times \$175$ ) pou yon total \$1,900. Modifikasyon yo pwopoze yo pa t ap chanje okenn lwa ki deja fè sèten kontribisyon pa kalifye pou fon konplemantè, tankou kontribisyon nan men moun k ap fè lòbi ak sa yo k ap fè biznis nan Vil la.

Pozisyon	Fon Konplemantè Kounye a	Fon Konplemantè yo Pwopoze
Pozisyon nan tout Vil la	6:1 sou premye \$175	8:1 sou premye \$250
Prezidan Minisipal	6:1 sou premye \$175	8:1 sou premye \$175
Konsèy Minisipal	6:1 sou premye \$175	8:1 sou premye \$175

**Maksimòm Montan Fon Biblik ("Limit sou Fon Biblik").** Nan lwa nou gen kounye a, total montan fon konplemantè yon kandida k ap patisipe kapab resevwa, pou chak eleksyon, limite a 55% limit sou depans ki aplike pou kandida k ap patisipe yo pou pozisyon yo pral nan eleksyon an. Ak modifikasyon yo pwopoze yo, limit sou montan total fon konplemantè yo kandida k ap patisipe kapab resevwa, pa eleksyon, t ap ogmante de 55% a 75% sou limit depans pou pozisyon li kandida a. Donk, selon limit sou depans ki gen kounye a, ki endekse sou enflasyon epi modifikasyon sa yo pa chanje, maksimòm montan fon konplemantè ki disponib pou kandida yo ogmante jan ou wè li sou tablo ki anba la a:

Pozisyon	Limit sou Fon Biblik Kounye a (55% Limit sou Depans)	Limit sou Fon Biblik yo Pwopoze (75% Limit sou Depans)
Majistra	\$4,007,300	\$5,464,500
Kontwolè oswa Defansè Biblik	\$2,505,250	\$3,416,250
Prezidan Minisipal	\$902,000	\$1,230,000
Konsèy Minisipal	\$104,500	\$142,500

**Limit sou Kalifikasyon.** Pou kalifye pou fon biblik, kounye a kandida k ap patisipe yo dwe kolekte yon total kontribisyon ki omwen sèten limit dola (selon pozisyon an), kote yo konte sèlman premye \$175 pa donatè. Modifikasyon yo pwopoze yo pa t ap chanje limit sou lajan an, men li t ap kite kandida pou pozisyon nan tou Vil la konte premye \$250 pa donatè, pandan yo t ap kontwole fòmil konplemantè pou pozisyon sa yo. Sa t ap fè li yon ti jan pi fasil pou kandida pou pozisyon nan tout vil la kalifye pou fon konplemantè.

**Lè pou Debousman Fon Biblik yo.** Selon lwa ki genyen kounye a, kandida k ap patisipe ki satisfè limit pou kalifye pou resevwa fon biblik yo ("kandida ki kalifye") ap kalifye pou yon premye debousman fon biblik nan mwa jen ane elektoral an. Debousman sa a limite a \$250,000 pou kandida pou Majistra, \$125,000 pou kandida pou Kontwolè ak Defansè Biblik, \$50,000 pou kandida pou Prezidan Minisipal, epi \$10,000 pou kandida pou Konsèy Minisipal. Y ap debouse rès fon biblik yo sèlman de (2) semèn apre yo fin ranpli bilten vòt prensipal yo, ki fèt jeneralman nan kòmansman mwa out ane elektoral la, apeprè senk (5) a sis (6) semèn avan eleksyon primè a.

Modifikasyon yo pwopoze yo pral pèmèt kandida ki kalifye yo resevwa fon konplemantè yo nan mwa fevriye ak avril ane elektoral la, an plis mwa jen, out, ak pi devan, epi yo t ap retire limit sou lajan yo lè y ap distribye fon avan mwa out yo. Men, kandida ki kalifye yo pa t ap kalifye pou resevwa okenn debousman fon piblik avan mwa out ane elektoral la amwenske yo soumèt yon deklarasyon sètifye ki ateste bezwen pou lajan an epi ki demontre yo satisfè dispozisyon nan lwa ki egzije pou kandida a chèche plis pase yon sèten montan fon piblik pou montre yo gen yon vrè advèsè oswa yo kont yon advèsè yo deja idantifye nan yon eleksyon.

**Enplémentasyon.** Modifikasyon yo pwopoze nan Manman-Lwa a konsènan finansman kanpay t ap aplike pou kandida k ap patisipe ki chwazi pou aplike modifikasyon yo nan kanpay yo kòmanse ak eleksyon primè 2021 an. Epi modifikasyon yo t ap aplike pou tout kandida kòmanse an 2022. Kandida sa yo ki chwazi opere nan sistèm apre modifikasyon an pou eleksyon primè ak eleksyon jeneral 2021 an pral kapab kenbe nepòt kontribisyón kanpay yo te resevwa avan 12 janve 2019 nan limit yo re resevwa kontribisyón sa yo avan lwa modifikasyon an, epi kontribisyón sa yo t ap kalifye pou fon konplemantè anba lwa avan modifikasyon an.

## B. Angajman Sivik

### Kesyon Vòt #2: Komisyón pou Angajman Sivik

Pwopozisyon sa a t ap modifye Manman-Lwa Vil la pou:

Kreye yon Komisyón pou Angajman Sivik yo t ap mete an plas, pa pita pase Ane Fiskal Vil la kòmanse 1ye jiye 2020, yon pwogram bidjè patisipatif pou tout Vil la Majistra a te etabli pou ankouraje rezidan Vil la patisipe nan rekòmandasyon pouwojè nan kominote yo.

Egzije Komisyón an pou asosye ak òganizasyon kominotè ak lidè lokal yo, ansanm ak lòt ajans Minisipal, pou kore ak ankouraje efò angajman sivik yo.

Egzije Komisyón yo pou etabli yon pwogram pou bay entèprèt lang nan biwo vòt Vil la, pou mete anplas nan eleksyon jeneral 2020 an;

Kite majistra a bay Komisyón an pouvwa ak responsabilite nan sèten ajans Minisipal.

Di Komisyón pou Angajman Sivik la t ap gen 15 manm, kote Majistra a t ap nome 8 manm, Prezidan Konsèy Minisipal la t ap nome 2 manm, epi Prezidan Minisipal chak Minisipalite t ap nome 1 manm; epi

Di pou youn (1) nan moun Majistra a nome yo t ap Prezidan Komisyón an epi se li ki t ap anplwaye ak dirije manm pèsònèl Komisyón an.

Èske nou ta dwe adopte pwopozisyon sa a?

#### Abstrè

Pwopozisyon sa a t ap etabli yon nouvo Komisyón pou Angajman Sivik, pou amelyore patisipasyon sivik, ankouraje konfyans sivik, ak bay demokrasi jarèt nan Vil New York.

Komisyón an t ap gen 15 manm. Nan 15 manm yo, Majistra a ap nome uit (8) manm, epi ap gen omwen yon (1) manm nan pi gwo pati politik la epi omwen yon (1) manm nan dezyèm pi gwo pati politik la; Reprezantan Konsèy Minisipal la ap nome de (2) manm; epi chak Prezidan Minisipal ap nome yon (1) manm. Majistra, Reprezantan, ak Prezidan Minisipal yo t ap oblige konsidere kandida ki reprezantan, oswa ki gen eksperyans nan travay ak imigran, moun ki pa pale angle byen, moun ki gen andikap, élèv, jèn, moun aje, veteran, gwoup kominotè, gwoup bon gouvènans, defansè dwa sivik, ak kategori rezidan ki pa abitye jwenn ase reprezantasyon oswa sèvis nan gouvènman Vil la.

Yo t ap entèdi manm Komisyón an, ki dwe rezidan Vil la, sèvi kòm ofisyen nan yon pati politik oswa pou yo yon kandida pou nominasyon oswa eleksyon nan biwo Majistra, Defansè

Piblik, Kontwolè, Prezidan Minisipal, oswa manm Konsèy Minisipal. Manm Komisyón yo, apa Prezidan an, ki t ap sèvi ak plezi Majistra a, t ap sèvi manda kat (4) ane, sòf pou moun yo fenk nome yo, epi manda yo t ap kòmanse 1ye avril 2019, t ap sèvi manda ant de (2) ak kat (4) ane. Sa garanti manda manm yo fini nan diferan ane, epi rezon n ap fè sa se pou evite gen twòp moun nan komisyón an epi ankouraje kontinite.

Majistra a t ap nome yon Prezidan, ki t ap sèvi kòm Direktè Egzekitif la tou, pami moun li nome nan Komisyón pou Angajman Sivik la. Prezidan/Direktè Egzekitif la pral responsab pou òganizasyon biwo a ak pou anboche anplwaye.

Komisyón pou Angajman Sivik la t ap gen pouvwa ak responsablite sa yo:

- Mete anplas yon pwogram bidjè patisipatif pou tout Vil la Majistra a etabli pa pita pase Ane Fiskal Minisipal la kòmanse 1ye jiyè 2020 epi etabli yon komite konsèy pou bidjè patisipatif;
- Devlope novo inisyativ pou kore ak asosye avèk òganizasyon kominotè, enstitisyon, ak lidè lokal nan sektè piblik ak prive yo nan efò angajman sivik yo;
- Devlope yon plan pou konsidere bezwen moun nan New York ki pa pale angle byen yo lè y ap devlope pwogram ak sèvis yo ak lè y ap mete yo anplas;
- Etabli yon pwogram pou mete entèprtè lang nan biwo vòt yo nan Vil New York pou mete nan eleksyon jeneral 2020 an ak yon komite konsèy asistans lang pou bay rekòmandasyon pou pwogram sa a; epi
- Asosye ak ajans Vil New York yo pou ogmante konsyantizasyon ak aksè nan sèvis Minisipal yo, ede ajans yo devlope ak ankouraje inisyatif angajman sivik, ak devlope estrateji pou santralize enfòmasyon piblik sou opòtinite pou angajman sivik.

Komisyón an t ap oblige bay yon rapò chak ane sou bidjè patisipatif, èd ak lang nan biwo vòt yo, ak nenpòt lòt enfòmasyon yo twouve enpòtan.

Majistra a t ap gen otorizasyon pou transfere bay Komisyón an, ak lòd egzekitif, nenpòt pouvwa ak responsablite Meri a ak nenpòt depatman se Majistra ki te nome moun ki antèt li ki gen pou wè ak sa. Moun ki responsab ajans Minisipal yo ap oblige kolabore epi ede Komisyón an fè travay li.

Si elektè yo apwouve li, modifikasyon sa yo ap anplas 1ye avril 2019.

## C. Komite Kominotè

### Kesyon Vòt #3: Komite Kominotè

Pwopozisyon sa a t ap modifie Manman-Lwa Vil la pou:

Enpoze yon limit sou tan pou yon maksimòm kat (4) manda de (2) zan youn apre lòt pou manm komite kominotè yo ak sèten eksepsyon pou premye tranzisyon nan nouvo sistèm limit sou manda a;

Egziye pou Prezidan Minisipal yo chèche moun diferan orijin lè y ap nome moun nan komite kominotè yo. Pwopozisyon a t ap ajoute nouvo aplikasyon ak egzijans pou bay rapò sou nominasyon sa yo; epi

Si yo apwouve Kesyon 2 "Komisyón pou Angajman Sivik," I ap egziye pou Komisyón pou Angajman Sivik la bay resous, asistans, ak fòmasyon konsènan itilizasyon teren, ak lòt bagay bay komite kominotè yo.

Èske nou ta dwe adopte pwopozisyon sa a?

#### Abstrè

Komite kominotè Vil la se komite konsilitatif ak yon wòl fòmèl Manman-Lwa a bay yo nan plizyè sijè, tankou itilizasyon teren. Modifikasyon nan Manman-Lwa sa a t ap: (a) enpoze yon limit sou tan pou yon maksimòm kat (4) manda de (2) zan youn apre lòt pou manm komite kominotè yo ak sèten eksepsyon pou premye tranzisyon nan nouvo sistèm limit sou manda a; (b) egziye pou Prezidan Minisipal yo chèche moun diferan orijin lè y ap nome moun nan komite kominotè yo epi etabli aplikasyon ak rapò sou mande pou nominasyon sa yo; epi (c) egziye pou Komisyón pou Angajman Sivik la bay resous, asistans, ak fòmasyon konsènan itilizasyon teren, ak lòt bagay bay komite kominotè yo.

**Limit sou Manda.** Prezidan Minisipal la ap nome manm komite kominotè yo, ak èd Konsèy Minisipal yo ak gwoup kominotè yo. Pou chak distri kominotè, Prezidan Minisipal la ap nome jiska 50 manm komite kominotè pou de (2) zan. Kounye a Manman-Lwa a pa enpoze limit sou manda pou manm komite kominotè yo. Pwopozisyon sa a t ap nome manm komite kominotè yo pou kat (4) manda de (2) zan youn apre lòt, kòmanse ak mande yo pou nominasyon oswa re-nominasyon ki fè 1ye avril 2019 oswa apre sa. Men, manm yo nome oswa re-name pou yon manda k ap kòmanse 1ye avril 2020, ak ap re-name pou jiska senk (5) manda de (2) zan youn apre lòt, pou evite gen twòp manm komite kominotè nan ane 2027 ak 2028. Nominasyon ki fèt pou manda k ap kòmanse apre 1ye avril 2020 yo t ap gen yon limit kat (4) manda de (2) zan youn apre lòt. Limit sou manda sa yo t ap sèlman pou sa

k ap vini pi devan yo; manda yo sèvi avan 1ye avril 2019, oswa 1ye avril 2020, pa t ap konte pou limit sou mande ki kòmanse nan dat sa yo. Answit, yo pa t ap entèdi manm ki te sèvi pou maksimòm kantite mande youn apre lòt yo pou re-nominasyon apre yon (1) peryòd manda konplè yo pa te nan fonksyon.

**Pwosesis nominasyon an.** Manman-Lwa a mande pou nominasyon manm komite kominotè yo. Selon Manman-Lwa a, Prezidan Minisipal la dwa sire ase reprezentasyon pou moun nan seksyon jewografik ak vwazinay diferan nan distri kominote a, epi konsidere si gwooup nominasyon yo reprezante tout pati nan kominote a yon fason jis. Manm yo dwe ap viv nan Vil la epi yo dwe gen yon kay, biznis, enterè pwofesyonèl oswa lòt gwo enterè nan distri kominote a. Nou pa ka gen plis pase 25% manm yo nome yo ki se anplwaye Vil la, epi okenn yo pa gendwa anplwaye Prezidan Minisipal la oswa Manm Konsèy Minisipal k ap fè nominasyon an. Manm yo dwe gen omwen 16zan, epi pa ka gen plis pase de (2) manm nan chak komite kominotè ki gen mwens pase 18 tan.

Pwopozisyon sa a t ap egzije pou Prezidan Minisipal yo chèche moun nan diferan orijin, tankou ras, gwooup etnik, sèks, laj, andikap, oryantasyon seksyèl, ak lang, ansanm ak lòt faktè Prezidan Minisipal la ka konsidere enpòtan pou pwomouvwa divèsite epi mete gwooup moun yo pa reprezante ase yo ak kominote nan komite kominotè yo, pou aplike pou nominasyon nan komite kominotè yo.

Answit, pwopozisyon sa a t ap egzije pou Prezidan Minisipal yo mete aplikasyon pou moun ki manm komite kominotè yo sou sitwèb epi, epi li egzije pou aplikasyon yo mande sèten enfòmasyon konsènan aplikan an: non; adrès; rezidans; biznis; enterè pwofesyonèl nan distri kominote a; te manm yon komite kominotè deja; laj; travay ak edikasyon, konpetans espesyal, ak lisans pwofesyonèl; eksperrans pwofesyonèl, sivik, oswa patisipasyon nan kominote; yon chwa pou bay plis enfòmasyon demografik aplikan an chwazi bay; ak nenpòt enfòmasyon Prezidan Minisipal la detèmine ap enpòtan oswa nesesè pou pwosesis aplikasyon an. Aplikasyon an t ap mande tou pou w mete yon deklarasyon ki dekri enterè aplikan an nan pozisyon an, enfòmasyon konsènan anplwaye Vil la oswa konfli denterè ki kapab genyen, ak yon sètifikasyon ki di aplikan an satisfè tout egzijans pou posizyon an a epi li pral respekte tout lwa konfli denterè ki awopriye.

An plis, pwopozisyon sa a t ap egzije Prezidan Minisipal yo, kòmanse 1ye jiyè 2019 epi chak ane apresa, pou soumet bay Majistra a ak Reprezantan Konsèy Minisipal la, epi fè li disponib nan sitwèb Prezidan Minisipal la, yon rapò ki bay enfòmasyon sou kijan yon moun ka vin manm komite kominotè a ak pwosesis rekritman ak seleksyon an. Rapò a t ap gen: kantite pozisyon manm komite kominotè ki vid, kantite aplikan pou pozisyon manm komite kominotè ki lib yo, kantite aplikan yo te bay entèvyou, ak non manm yo ak dat nominasyon yo ak re-nominasyon yo, dire sèvis, Manm Konsèy Minisipal ki nome li a oswa pati ki nome li a, ak pozisyon lidèchip nan komite kominotè a, si genyen. Rapò a t ap gen ladan enfòmasyon demografik sou manm komite kominotè a ki te dakò bay, an gwooup oswa yon fason anonim; plan Prezidan Minisipal la pou rekrite kandida ak ranpli plas vid yo, tankou efò pou chèche moun ak metòd yo itilize pou ankouraje yon gwooup kandida ki soti nan diferan orijin epi ki

reprezante tout moun nan kominote a; yon deskripsyon jeneral kritè evalyasyon Prezidan Minisipal la te itilize pou chwazi manm yo; ak nenpòt ki zouti Prezidan Minisipal la te itilize pou ankouraje pa gen paspouki nan pwosesis seleksyon an.

**Asistans ak Fòmasyon.** Pwopozisyon sa a t ap egzije pou Komisyón pou Angajman Sivik la, selon sa ki apwopriye epi an konsiltasyon avèk kowòdinasyon ak Depatman Planifikasyon Ibèn, lòt ajans Minisipal ki apwopriye, ak Prezidan Minisipal nan limit li pratik, pou bay asistans ak fòmasyon bay komite kominotè yo ki plis pase asistans yo bay ajans Minisipal yo kounye a. Komisyón pou Angajman Sivik la pral egzije pou idantifye kabinè, manm pèsònèl pwofesyonèl, oswa konsiltan ki kalifye pou bay planifikasyon ibèn ak lòt asistans teknik ki gen pou wè ak zafè itilizasyon teren, ak pou administre yon pwogram pou bay sèvis bay komite kominotè yo lè yo mande. Li t ap egzije, nan limit sa pratik, pou asire yo bay tout komite kominotè yo asistans san paspouki, selon bezwen ak objektif yo, ak pou bay yon mwayen pou komite kominotè yo bay fidbak yo konsènan asistans yo bay yo. Komisyón pou Angajman Sivik la t ap egzije, nan konsiltasyon ak Biwo Zafè Imigran Majistra a, pou idantifye ak bay sèvis komite kominotè yo abòde bezwen pou moun ki pa pale angle byen, tankou fòmasyon manm pèsònèl yo ak zouti asistans ak lang. Pati sa a nan pwopozisyon an t ap sèlman vin anplas si yo apwouve ni kesyon vòt sa a, ni kesyon vòt ki etabli Komisyón pou Angajman Sivik la.

Pwopozisyon sa a t ap egzije tou pou komite kominotè yo genyen sitwèb ki bay ase preyavi bay publik la konsènan rankont yo pral genyen, konrandi rakonte yo te gen nan douz mwa ki sot pase yo, ak enfòmasyon pou kontakte yo. Depatman Enfòmatik ak Telekomunikasyon (Department of Information Technology and Telecommunications, DOITT) t ap egzije pou bay asistans teknik ak sipò bay komite kominotè yo pou gen sitwèb ak asistans nan men Prezidan Minisipal la pou mete aplikasyon pou komite kominotè yo disponib sou entènèt la.

**Dat y ap anplas.** Modifikasyon sa yo t ap anplas 1ye janvye 2019, yo pou modifikasyon ki mande pou yon Komisyón pou Angajman Sivik yo pwopoze bay resous bay komite kominotè a t ap an plas 1ye avril 2019.